



Pou Piblikasyon Imedya: 18/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PWOGRAM BOUSDETID NAN SUNY AK CUNY POU KOUVRI FRÈ EKOLAJ POU 1,000 NOUVO ENFIMYÈ SÈTIFYE

### *Bousdetid Nurses For Our Future (Enfimyè pou Lavni) nou an ap finanse edikasyon 1,000 nouvo enfimyè pou pran swen Nouyòkè yo*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a nan yon dejene ki te fèt pa Association for a Better New York yon Pwogram Bousdetid nan State University of New York, (SUNY) ak City University of New York (CUNY) ki rele Bousdetid Nurses For Our Future k ap kouvri frè ekolaj pou 1,000 nouvo travayè swen sante pou resevwa RN yo nan SUNY ak CUNY. Pwogram nan vini nan yon efò pou ede abòde pwoblèm rate nan swen sante ak mank travayè nan lopital nan eta a.

"Sèlman yon lane de sa, nou t ap selebre travayè swen sante nou yo antanke ewo yo ye a, epi pandemi an te montre nou ke nou pa ka pran chans gen yon rate nan sektè swen sante a," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen fyè pou anonse nouvo Bousdetid Nurses For Our Future nou an antanke yon etap enpòtan pou fòme plis enfimyè epi mete yo nan sistèm swen sante nou an. Bousdetid SUNY ak CUNY yo ap mete nou pi pre yon New York ki pi pwospè epi ki egal, lè nou travay pou asire ke chak Nouyòkèk gen aksè nan pwogram fòmasyon, diplòm youn-, de-, ak kat ane, inivèsite kominotè; SUNY ak CUNY ta dwe chemen vè klas mwayèn nan."

Depi kòmansman Pandemi COVID-19 la, lopital yo t ap fè fas ak yon rate mendèv ak yon afliyans pasyan anmas. Pwogram Bousdetid sa fèt pou rekrute epi limie pwofesyonèl enfimye ak swen sante yo pou sèvi nan NYSRN nan ki gen plis bezwen. Gen plis pase 9,300 opòtinite travay pou Enfimyè Sètifye nan Eta New York. Bousdetid Nurses For Our Future la vle di 1,000 etidyan anplis ka antre nan yon pwogram enfimyè nan swa SUNY oswa CUNY. Etidyan yo ap kapab konplete pwogram yo ak yon orè fleksib, swa tan pasyèl, oswa tan konplè.

Efò sa ap ensite rezidan Eta New York yo pou yo aktif nan domèn swen sante pou yo amelyore konpetans yo nan pakou karyè yo epi avanse edukasyon yo atravè sistèm SUNY oswa CUNY.

Anplis, Depatman Travay Eta New York (New York State Department of Labor) ap ede fè maketing pou nouvo opòtinite sa yo pou travayè ki la deja ak moun ki nan chomaj, ki enkli opòtinite ki disponib atravè Sant Opòtinite Edikatif SUNY an pou sètifikasyon nan

nivo antre nan pwogram ki gen anpil demand ki enkli Asistan Enfimye Sètifye, Pratisyèn Enfimye Otorize, ak Èd Enfimye Adomisil.

### **Èd pou chèche travay**

Bank Travay Eta New York (New York State Job Bank) prezante apeprè 220,000 djòb ki disponib nan Eta New York jodi a epi itilizatè yo ka chèche ak mokl, kòd postal epi navige pa tit pòs ak non konpayi an. Lè yo itilize zouti rechèch travay ak devlopman karyè [JobZone](#) moun yo ka planifye avni yo, òganize rechèch travay yo, devlope cv epi eksplòre karyè.

Depatman Travay la akeyi chak jou tou [atelye vityèl ak wèbinè](#) sou sijè ki enpòtan pou moun k ap chèche travay nan tout sektè, tankou kijan pou ekri cv, teknik pou chèche travay ak entèvyou. Ajans lan fè patenarya ak plizyè santèn biznis pou akeyi [Fwa Karyè Vityèl](#) moun k ap chèche travay yo ka angaje nan biznis nan yon kad tankou yon fwa travay, navige sou djòb ki disponib yo epi konekte dirèkteman ak biznis k ap anboche yo pou poze kesyon, tout sa san yo pa kite lakay yo.

Pou moun k ap travay tan pasyèl, eta a gen opòtinite anboch tan pasyèl nan [job bank](#) ki site apeprè 30,000 travay tan pasyèl ki disponib kounye a nan Eta New York ki klase pa pozisyon, tit djòb la ak konpayi an ke ou ka chèche pa mo kle tou.

Biznis yo ka itilize Depatman Travay la pou gen aksè nan plizyè milyon moun k ap chèche travay potansyèl gratis [pwogram ak sèvis](#). Yo ka poste travay sou Bank Travay Eta NY la lè yo anekse yon sitwèb dirèkteman oswa pibliye ak èd pèsònèl la epi jwenn aksè dirèk nan Bank Talan Eta NY la ki gen plizyè milyon moun k ap chèche travay ki kalifye pou reponn ak bezwen travay yo. Yo ka enskri tou pou patisipe nan [fwa karyè k ap vini an](#) oswa aprann sou kredi taks ak lòt [motivasyon pou anboch](#) ki disponib yo.

**Chanselye SUNY an, Jim Malatras, te deklare,** "Ak plis pase 70 pwogram enfimye ki kouvri tout diplòm soti nan LPN rive nan BSN epi ke ou ka jwenn nan chak kwen Eta New York ansanm ak sou entènèt SUNY rete prè pou reponn ak bezwen k ap ogmante pou enfimye ki se batman kè sistèm swen sante a. Nou remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip li lè li ofri motivasyon bousdetid sa pou sila yo ki aspire rejwenn apèl nob sa, ak paske li enkli opsyon pou ale nan inivèsite nna tan pasyèl oswa tan konplè, ki bay etidyan nou yo fleksibilite pou jere edikasyon yo ak responsablite lavi yo. SUNY, ki se pi gwo sistèm edikasyon siperyè konplè, pare pou relve defi a."

**Rektè CUNY an, Félix V. Matos Rodríguez te deklare,** "Pandemi a te mete yon konsantrasyon egi pou ogmante kapasite trètman atravè sistèm swen sante a, epi devlope kanal enfimye divèsifye, kalifye, sètifye a se yon eleman kle nan pwopozisyon sa. Pwogram bousdetid alè sa ap pèmèt plis Nouyòkè enskri nan pwogram enfimye kalifye CUNY a epi devlope karyè ki gratifyan, byen peye nan yon domèn kote yo bezwen yo anpil. CUNY angaje pou fòme pwochè jenerasyon pwofesyonèl enfimye yo, epi nou remèsye Gouvènè Hochul pou sipò kontini li."

**Pat Kane, RN, Direktè Egzekitif Asosyasyon Enfimyè Eta New York (New York State Nurses Association), te deklare,** "Pèsonn pa bay plis pase sila yo nan nou ki te devan pandan pandemi sa, epi envestisman vizyonè Gouvènè Hochul nan ede nou rebati klasman enfimyè nou se egzakteman kalite sipò nou bezwen pou kontinye livrezon swen ke Nouyòkè yo depann de li. Paske pi bon swen an se swen ki responsab sou plan kiltirèl, 1,000 bousdetid sa yo prezante yon opòtinite enòm pou nou kontinye rekrite nan tout kominote atravè eta a, epi lè nou sèvi yo nan SUNY ak CUNY, y ap ranfòse enstitisyon edikasyon siperyè piblik nou yo tou, k ap rann li klè ke Gouvènè Hochul ap bay travay swen sante ak jèn moun nou yo priyorite - egzakteman kalite priyorite nou bezwen rebay New York."

**Richard Gottfried, ki se Manm Asanble, te deklare,** "Anplwaye ki adapte enpòtan anpil pou aksè ak kalite swen sante. Pandemi COVID la te fè limyè sou rate travayè ki egziste a, epi demann lan ap ogmante toutotan popilasyon an ap vyeyi. Mwen felisite Gouvènè Hochul pou inisyativ enpòtan sa epi mwen enpasyan pou plis pwogram pou fòme travayè swen sante nou bezwen yo."

**Prezidan Asosyasyon Swen Sante Eta New York la (Healthcare Association of New York State), RN, JD Bea Grause, te deklare,** "Li enpòtan anpil pou nou ranfòse rezon mendèv swen sante a pi rapid ke posib. Mwen remèsye Gouvènè Hochul dèskè li pran mezi ki tèlman nesèsè sa pou retire baryè finansye ki ta ka anpeche enfimyè potansyèl alavni yo jwenn edikasyon ak fòmasyon yo bezwen an. Aksyon jodi a se yon etap an avan pou asire ke nou gen moun k ap bay swen ke konote New York yo ap bezwen anpil nan ane k ap vini yo."

**Prezidan Asosiyasyon Lopital Greater New York, Kenneth E. Raske, te deklare,** "Gouvènè Hochul se yon gwo defansè mendèv swen sante a ki konprann ke defi pèsonèl nan lopital kominote a mande aksyon ki odasye. Pwogram bousdetid ki tèlman nesèsè sa pou kouvri frè ekolaj pou 1,000 nouvo enfimyè sètifye ap ede soulaje rate pèsonèl enfimye yo epi asire yon rezon fyab enfimyè ki byen fòme. Nou rekonesan pou lidèchip ak vizyon Gouvènè Hochul sou pwoblèm enpòtan sa."

Anons sa vini apre [opòtinite resan](#) Fakilte Syans Enfimyè ak Sante Binghamton University ki afime devouman Gouvènè Hochul pou akselere edikasyon swen sante a ak mendèv enfimye a nan Eta New York. Fakilte ak inivèsite SUNY yo atravè New York ofri plis pase 70 pwogram premye sik ak sik siperyè pou diplòm enfimye ki akredite konplètman, k ap ofri 17 diplòm diferan nan enfimye soti nan èd sante rive nan doktora ak sètifika avanse. Etidyan SUNY yo gradye tou prepare pou antre nan domèn swen sante apre kou estrik anliy oswa nan klas, ki konbine ak eksperyans manyèl yo egzije nan mond reyèl la. CUNY gradye 1,800 etidyan chak ane nan 50 pwogram sètifika ak diplòm kredi ki mennen nan diplòm enfimye avanse, ki enkli, pwogram LPN, Lisans Asosye, Metriz ak Doktora (DNP ak Ph.D) nan 14 enstitisyon CUNY, ki enkli pwogram enfimye alafwa nan fakilte siperyè ak kominotè yo. Pwogram enfimye CUNY yo ini nan angajman yo pou devlope opòtinite ak avansman nan domèn swen sante a, epi pou fòme pwochèn jenerasyon enfimyè pwofesyonèl yo pou bay swen sante bon kalite epi san pati pri, patikilyèman pou popilasyon ki pi vilnerab epi ki defavorize yo

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)